

Uji Kompetensi 1

Serat Tripama Pupuh Dhandhanggula

I. Wangsulana pitakonan ing ngisor iki kanthi cara milih wangsulan kang bener (a,b,c,d utawa e)!

1. Yogyanira kang para prajurit

Lamun bisa samya anuladha

Kadya nguni caritane

Andelira sang Prabu

Sasrabau ing Maespati

Aran Patih Suwanda

Lelabuhanipun

Kang ginelung tri prakara

Guna kaya purune kang den antepi

Nuhoni trah utama

Arjunasasrabahu iku mujudake satriya ing

A. Astina

B. Maespati

C. Alengka

D. Pringgadani

E. Madukara

2. Yogyanira kang para prajurit

Lamun bisa samya anuladha

Kadya nguni caritane

Andelira sang Prabu

Sasrabau ing Maespati

Aran Patih Suwanda

Lelabuhanipun

Kang ginelung tri prakara
Guna kaya purune kang den antepi
Nuhoni trah utama
Asma liyane Patih Suwanda yaiku
A. Bambang Sumantri
B. Adipati Karna
C. Basukarna
D. Balguna
E. Abimanyu

3. Lire lelabuhan tri prakawis

Guna bisa sanieskareng karya
Binudi dadi unggule
Kaya sayektinipun
Duk bantu prang Mangga nagri
Amboyong putri dhomeas
Katur ratunipun
Purune sampun tetela
Aprang tandhing lan **ditya ngalengka aji**
Suwanda mati ngrana
Sapa kang dimaksud ing gatra 9 (kang kacetak kandhel) ing pada kasebut
....

- A. Kumbakarna
- B. Dasamuka
- C. Sarpakenaka
- D. Arya wibisana
- E. Sugriwa

4. Lire lelabuhan tri prakawis

Guna bisa sanieskareng karya

Binudi dadi unggule

Kaya sayektinipun

Duk bantu prang Mangga nagri

Amboyong putri dthomas

Katur ratunipun

Purune sampun tetela

Aprang tandhing lan ditya ngalengka aji

Suwanda mati ngrana

Telung patuladhan kang bisa ditiru saka Patih Suwanda iku ana 3 kalebu
guna, kaya lan purun. Kang diarani purun yaiku

A. Pinter

B. Sugih

C. Sregep

D. Gemati

E. Kekendhelan

5. Lire lelabuhan tri prakawis

Guna bisa sanieskareng karya

Binudi dadi unggule

Kaya sayektinipun

Duk bantu prang Mangga nagri

Amboyong putri dthomas

Katur ratunipun

Purune sampun tetela

Aprang tandhing lan **ditya** ngalengka aji

Suwanda mati ngrana

Ing ngisor iki tembung kang tegese memper (padha) karo tembung **ditya**
yaiku

- A. Buta
 - B. Ratu
 - C. Raja
 - D. Prajurit
 - E. Senopati
6. Serat Tripama iku dumadi saka sapupuh yaiku pupuh
- A. Sinom
 - B. Gambuh
 - C. Pocung
 - D. Kinanthi
 - E. Dhandhanggula
7. Isi serat Tripama pupuh Dhandhanggula yaiku
- A. Pepeling supaya para prajurit padha sregep anggone gladhi
 - B. Pepeling supaya para prajurit luwih ngati-ati
 - C. Pepeling supaya para prajurit niru sipat ksatria, lelabuhan marang negara
 - D. Pepeling supaya para prajurit tetep eling kluwargane nalika ing negarane
 - E. Pepeling supaya para prajurit nduweni awak kang gagah
8. Para prajurit kang dadi patuladhan ing serat Tripama yaiku
- A. Arjuna, Bima, lan Gathutkaca
 - B. Bambang Sumantri, Kumbakarna, lan Basukarna
 - C. Dasamuka, Kumbakarna, lan Adipati Karna
 - D. Nakula, Sadewa, lan Kurawa
 - E. Kumbakarna, Patih Suwanda, lan Kurawa

9. Serat Tripama kuwi diciptakake dening pujangga kang misuwur ing tlatah Jawa, pujangga iki uga minangka penganggit serat wedhatama. Sapa pujangga kang dimaksud iku?
- A. KGPAA Pakubuwana IV
 - B. KGPAA Mangkubumi IV
 - C. KGPAA Mangkunegara V
 - D. KGPAA Mangkunegara IV
 - E. KGPAA Mangkubuwana IV
10. Saka katelu prajurit kang dicritakake ana ing serat Tripama, prajurit kang gugur nalika perang Bharatayudha yaiku
- A. Adipati Karna
 - B. Arjuna
 - C. Patih Suwanda
 - D. Kumbakarna
 - E. Dasamuka

II. Gatukana (jodohake) pitakonan ing ngisor sisih kiwa iki karo wangsulun kang trep kang ana ing sisih tengen!

11. Pada 1 lan 2 ing serat tripama nyritakake tokoh wayang yaiku
12. Pada 3 lan 4 ing serat tripama nyritakake tokoh wayang yaiku
Kanggo ptakonan nomer 3-5
Wonten malih tuladhan prayogi
Satriya gung nagri ing Ngalengka
Sang Kumbakarna arane
Tur iku warna diyu
Suprandene nggayuh utami
Duk wiwit prang Ngalengka
Denya darbe atur
Mring raka amrih raharja
Dasamuka tan kengguh ing atur yekti
De mung mungsuh wanara
13. Saka tembang kasebut, ing gatra 4 ana tembung kang unine **diyu**, tembung kasebut nduweni teges....
14. Ing gatra kapisan, ana tembung kang unine tuladhan kang nduweni teges contoh, tembung kang nduweni teges kang padha karo tembung tuladha lan contoh yaiku
15. Ing gatra pungkasan saka tembang kasebut ana tembung kang unine wanara, kang dimaksud yaiku
16. *Suprandene nggayuh utami*, gatra kasebut tegese
17. *Dasamuka tan kengguh ing atur yekti*, tembung kang kacetak kandel kasebut tegese
18. *Mring raka amrih raharja*, tembung kang kacetak kandel kasebut nyritakake
19. Kang ndadekake Rama murka banjur ngutus prajurit kethek nglurug Ngalengka, amarga garwane dinusta dening Dasamuka. Garwane Prabu Rama kang diculik Dasamuka asmane
20. *Denya darbe atur*, tembung kang kacetak kandel tegese

- a. Kumbakarna
- b. Sanadyan mengkono
nggayuh kabecikan
- c. Patih Suwanda
- d. Buta
- e. Sinta
- f. Dasamuka
- g. Lan ngelingi bapa ibu
- h. Palupi
- i. Ngandhani
- j. Nggugu

III. isinen ceceg-ceceg ngisor iki nganggo wangsulun kang trep!

Kanggo pitakonan nomer 21-23

Kumbakarna kinen mangsah jurit
Mring kang raka sira tan lenggana
Nuhoni kasatriyane
Ing tekad datan purun
Amung cipta labuh nagari
Lan noli yayah rena
Myang leluhuripun
Wus mukti aaneng Ngalengka
Mangke arsa rinusak bala kapi
Punagi mati ngrana

21. Tembung **kinen** saka tembang ing dhuwur kabentuk saka tembung lingga yaiku
22. Tembung **rinusak** tegese
23. Amung cipta **labuh** nagari, tembung kang kacetak kandel nduweni teges

Kanggo pitakonan nomer

Wonten malih kinarya palupi,
Suryaputra Narpati Ngawangga,
lan Pandhawa tur kadange,
len yayah tunggil ibu,
suwita mring Sri Kurupati,
aneng nagri Ngastina,
kinarya gul-agul,
manggala golonganing prang,
Bratayuda ingadegken senapati,
ngalaga ing Kurawa.

24. Tembang kasebut nyritakake tokoh wayang
25. Tembung **kinarya** saka tembang kasebut nduweni arti
26. *suwita mring Sri Kurupati*, Kang dimaksud *Sri Kurupati* yaiku

Kanggo pitakonan nomer 27-30

Den mungsuhken kadange pribadi,
 aprang tandhing lan sang Dananjaya,
 Sri Karna suka manahe,
 dene sira pikantuk,
 marga denny arsa males-sih,
 ira sang Duryudana,
 marmanta kalangkung,
 denny ngetog kasudiran,
 aprang rame Karna mati jinemparing,
 sumbaga wirotama.

27. Ing gatra kaping loro, nyebutake jeneng **Sang Dananjaya**. Kang dimaksud yaiku
28. *marga denny arsa males-sih*, tembung **males-sih** tegese
29. *denny ngetog kasudiran*, tembung **kasudiran** kabentuk saka tembung lingga yaiku
30. *sumbaga wirotama*. Tembung **sumbaga** tegese kondhang. Tembung kang nduweni teges memper karo tembung kondhang yaiku